

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) kacindekan tina panalungtikan campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung jeung, (2) rékomendasi

#### **5.1 Kacidekan**

Dina ieu panalungtikan, kontéks pangajaran campur kode lumangsung dina paguneman antara siswa jeung guru nalika prosés pangajaran, atawa siswa jeung siswa. Campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda, lumangsung pikeun medarkeun materi nu hésé dipikaharti ku siswa. Jadi siswa leuwih maham kana materi nu dipedarkeun ku guru salila prosés pangajaran basa Sunda.

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung. Campur kode nya éta pacampurna dua basa atawa leuwih diseselan ku hiji basa ka basa séjén dina hiji paguneman. Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan utamana ngeunaan wanda campur kode, wujud campur kode, jeung faktor nu mangaruhan ayana campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung.

Wanda campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung aya tilu nya éta campur kode ka jero, campur kode ka luar, jeung campur kode campuran. Campur kode ka jero nya éta nyerépna unsur-unsur basa asli, saperti tina basa Sunda diseselan ku basa Indonesia. Data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (284) unsur campur kode ka jero, numana basa Sunda diseselan ku basa Indonesia. Campur kode ka luar nya éta campur kode nu asalna tina basa asing nu bisa ngajéntrékeun tina makéna basa asli pacampur jeung basa asing. Data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (11) unsur campur kode ka luar, numana basa Sunda diseselan ku basa Inggris. Sedengkeun campur kode campuran nya éta campur kode nu jerona geus nyerép kana unsur-unsur basa asing.

Data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (25) unsur campur kode campuran, numana basa Sunda diseselan ku basa Indonesia jeung Inggris.

Wujud campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung, aya genep nya éta aya campur kode wujud kecap, campur kode wujud frasa, campur kode wujud baster, campur kode wujud idiom atawa pakeman basa, campur kode wujud klausa, jeung campur kode kecap rajékan. Campur kode wujud kecap nya éta bagian kalimah anu bisa madeg mandiri sarta ngandung wangenan nu tangtu, kulantaran kecap téh wangun bébas pangleutikna, atuh sakabéh morfém bébas téh sakaligus mangrupa kecap ku kituna unggal kecap mangrupa morfém tapi teu sakabéh morfém mangrupa kecap lantaran aya morfém kauger anu lain kecap. Data wujud campur kode nu kapanggih dina ieu panalungtikan sakabéhna aya 1.113 unsur campur kode anu ngawengku (226) unsur campur kode wujud kecap. Campur kode wujud frasa nya éta wangun gramatik anu diwangun ku dua kecap, data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (158) unsur campur kode wujud frasa. Campur kode wujud baster mangrupa pacampurna dua basa nepika ngawangun hiji harti. Data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (5) unsur campur kode wujud baster. Campur kode wujud idiom atawa pakeman basa téh nya éta wangunan basa anu husus tur mandiri, sarta harti nu di kandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti tata basa, atawa harti anu di kandung ku pakeman basa atawa idiom disebut pakeman basa atawa harti idiomatis. Data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (1) unsur campur kode wujud idiom atawa pakeman basa. Campur kode wangun klausa nya éta konstruksi gramatik anu diwangun ku jejer jeung caritaan (anu mangrupa unsur inti) dibarengan atawa henteu ku udagan, panglengkep, atawa keterangan. Data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (145) unsur campur kode wujud klausa. Jeung campur kode wujud kecap rajékan nya éta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu, prosés ngawangun kecap rajékan disebut ngarajék (**R(eduplikasi)**). Data nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya (23) unsur campur kode wujud kecap rajékan.

Dumasar wawancara nu geus dilaksanakeun jeung guru basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung, faktor campur kode nu kapanggih dina ieu panalungtikan nya éta aya lima faktor campur kode: (1) basa Sunda lain basa indung, (2) kasang tukang kulawargana béda-béda aya waé nu cicing di lingkungan kulawarga téh urang Jawa, teu sakabéh kulawarga ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé (3) nalika komunikasi kamalayon, ngan ukur ngarti kana basa kasar, (4) siswa kurang mampu ngagunakeun basa Sunda, jeung (5) siswa loba nu géngsi ngagunakeun basa Sunda.

Ku kituna, bisa dicindekkeun yén campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung nu kapanggih dina sakabéh 320 unsur, campur kode nu panglobana nya éta campur kode ka jero tibatan campur kode ka luar jeung campuran. Kitu oge disawang tina wujudna 1.113 unsur campur kode nu kapanggih dina sakabéh wujud campur kode, campur kode nu panglobana nya éta tina campur kode wujud kecap tibatan campur kode wujud frasa, baster, idiom, klausa jeung kecap rajékan. Faktor nu mangaruhan ayana campur kode dina prosés pangajaran ogé siswa téh kurang dina ngagunakeun basa Sunda dina kgiatan diajar kitu ogé dina kahirupan sapopoéna, di daerah sabudereunna teu sakabéh urang Sunda. Tuluy géngsina leuwih gedé dina makéna basa Sunda nalika prosés pangajaran basa Sunda.

## **5.2 Rékoméndasi**

Dumasar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun saacanna, aya sababaraha saran atawa rékomendasi nu diajukeun dina ieu panalungtikan.

### a. Pikeun numaca

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun numaca, utamana sangkan urang bisa ngagunakeun basa Sunda nu merénah dina wangun tulisan atawa lisan. Jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang sosiolinguistik, utamana ngeunaan wanda campur kode, wujud campur kode, jeung faktor campur kode dina prosés pangajaran.

b. Pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep jadi référensi ka guru basa Sunda, pikeun ngaronjatkeun prosés pangajaran basa Sunda utamana kudu merhatikeun basa nu digunakeun siswa sabab teu sakabéh siswa bisa ngagunakeun basa Sunda, tuluy ngeuyeuban élmu pangaweruh sosiolinguistik ngeunaan wanda campur kode, wujud campur kode, jeung faktor campur kode dina prosés pangajaran di SMA Kartika XIX-2 Bandung.

c. Pikeun panalungtikan satuluyna

Ieu panalungtikan bisa méré informasi jeung déskripsi tuluy bisa méré motivasi hususna ngeunaan wanda campur kode, wujud campur kode, jeung faktor nu mangaruhan ayana campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung.